

# Fon Eskli Abitan New Jersey yo (ENJF)

Si w te eskli nan toude, ni "stimulus" chèk federal yo ni sa ki gen rapò ak asistans yo bay pou moun ki pa p travay akòz COVID-19 yo, ou kapab kalifye pou pwogram ENJF la. ENJF se yon pwogram asistans kote y ap bay yon kòb yon fwa ki ka rive jiska \$2,000 a moun ki elijib ak pou pi plis \$4,000 fwaye ki elijib yo.

## Ou elijib pou w aplike nan Fon Eskli pou Abitan New Jersey yo si:



Ou pa t elijib pou w resevwa epi w te eskli nan toude, ni "stimulus" chèk COVID-19 la ak Asistans pou Moun ki p ap travay akòz Pandemi an.



W ap viv yon moman ekonomik ki difisil akòz pandemi COVID-19 la.



Fwaye w gen yon revni ki pi ba pase \$55,000.



W ap viv New Jersey epi w gen plis pase 18 lane.

## Èske COVID-19 te fè enpak sou ou?

Sa vle di fwaye w te viv:

- yon moman ekonomik ki difisil akòz pandemi an paske w te pèdi salè w akòz yo te redui sou kantite lè ou travay/yo te kanpe w
- yon peryòd kote w pa t ka travay akòz ou te izole/an karantèn, oswa akòz orè lekòl a distans timoun ou
- yon maladi ak/oswa lanmò akòz COVID-19; oswa
- yon enkapasite pou w peye bil ou yo paske w pèdi salè w.

Vizite [ExcludedNJFund.nj.gov](https://www.excludednjfund.nj.gov) epi klike sou paj Eligibility Criteria (Kritè Elijibilite) a pou w wè si w elijib.

## Kòman sa fonksyone

- Aplike sou entènèt nan [ExcludedNJFund.nj.gov](https://www.excludednjfund.nj.gov)
- W ap gen pou w bay prèv sou laj ou, idantite w, kote w ap viv, salè w, ak prèv ke w ap viv yon moman ki difisil akòz COVID.
- Ou ka APLIKE SÈLMAN si w te eskli nan toude, ni "stimulus" chèk federal yo ni sa ki gen rapò ak asistans yo bay pou moun ki pa p travay akòz COVID yo.

*Y ap trete aplikasyon yo nan lòd amezi y ap resevwa yo jiskaske fon an fini.*

Si w bezwen èd pou w aplike, ou kapab kontakte patnè kominotè DHS nou yo pou yo ka ede w. Vizite [ExcludedNJFund.nj.gov](https://www.excludednjfund.nj.gov) epi klike sou Paj Application Assistance (Asistans Aplikasyon) an pou w ka jwenn yon lis moun ki kapab ede w aplike.



State of New Jersey  
Phil Murphy, Gouvènè  
Sheila Oliver, Lyetan Gouvènè



Department of Human Services  
Sarah Adelman, Komisè a-i

